

Sondaj sou Lang

Massachusetts gen anpil moun ki pale divès lang. Sondaj sou Lang sa a ap ede nou aprann plis sou nivo konpetans pitit ou nan lang angle epi bay sipò si sa nesesè pou ede li aprann angle. Tanpri reponn kesyon ki anba yo. Si ou reponn nenpòt kesyon nan SEKSYON 1 ak yon lang ki pa angle, distri lekòl la ap fè pitit ou pase yon tès pou detèmine si li ka benefisye de sipò pou aprann lang angle.

Si ou bezwen èd pou ranpli fòm sa a, tanpri mande asistans.

Non Elèv la: _____

Nivo: _____

Dat Nesans (mwa/jou/ane): _____

Non Paran/Gadyen #1: _____

Non Paran/Gadyen #2: _____

SEKSYON 1:

Kesyon sa yo ap ede lekòl la idantifye elèv ki ka bezwen sipò pou lang angle. Si ou reponn nenpòt nan kesyon 1 a 3 ak yon lang ki pa angle, yo pral teste pitit ou sou itilizasyon ak konpreyansyon li genyen nan lang angle pou detèmine si li bezwen sipò pou aprann lang angle.

1. Tanpri endike lang oswa lang ke paran ak/oswa moun ki pran swen prensipal yo itilize pou kominike avèk pitit ou lakay.

2. Tanpri endike lang oswa lang ke pitit ou ap itilize kounye a pou kominike ak lòt moun.

3. Tanpri endike lang oswa lang ke pitit ou te premye konprann epi itilize pou kominike.

SEKSYON 2: Sèvis Entèpretasyon ak Tradiksyon

Seksyon sa a ap pèmèt lekòl la konnen si ou menm, paran/gadyen yo, bezwen yon entèprèt oswa tradiksyon dokiman.

Seksyon sa a se sèlman pou bay enfòmasyon epi yo pa itilize li pou detèmine si pitit ou bezwen sipò pou aprann angle.

4. Nan ki lang ou ta prefere resevwa komunikasyon ekri soti nan lekòl la pou fanmi ou?

Paran/Gadyen # 1: _____

Paran/Gadyen # 2: _____

5. Èske ou ta prefere lekòl la òganize yon entèprèt ki disponib pou ou san chaj pandan reyinyon ak apèl telefòn ak lekòl la konsènan pitit ou (sa ka gen ladan Lang Siy Ameriken oswa lòt kalite lang siy)?

_____ Wi _____ Non _____ Si wi, nan ki lang?

Paran/Gadyen # 1: _____

Paran/Gadyen # 2: _____

SEKSYON 3 [Opsyonèl]: Edikasyon Anvan

Seksyon sa a ap bay lekòl la enfòmasyon sou orijin elèv ou a ak edikasyon li te resevwa anvan.

Seksyon sa a opsyonèl epi yo pa itilize li pou detèmine si pitit ou bezwen sipò pou aprann angle.

6. Tanpri endike non ak kote dènye lekòl pitit ou te ale a.

Non Lekòl la: _____
Vil / Komin: _____ Peyi: _____

7. Konbyen ane pitit ou te ale lekòl Ozetazini? (kòmanse depi jadendanfan) _____
Tanpri endike dat pitit ou te kòmanse lekòl Ozetazini pou premye fwa, si ou konnen li (mwa/ane): _____

8. Èske pitit ou te janm ale lekòl deyò Etazini?

_____ Wi _____ Non _____ M pa si

Si wi, pou konbyen ane? _____ Nan ki lang oswa lang pitit ou te aprann pandan li te ale lekòl deyò Etazini? _____

Ki dènye nivo pitit ou te enskri ladan li oswa li te konplete? _____

9. Èske pitit ou te janm resevwa sipò pou amelyore angle li nan lekòl Ozetazini?

_____ Wi _____ Non _____ M pa si

10. Èske gen lòt bagay ou panse ki enpòtan pou lekòl la konnen sou pitit ou? (pa egzanp, enterè espesyal, talan, oswa enkyetid ou genyen sou eksperyans pitit ou nan lekòl la?)

Non Paran/Gadyen: _____

Siyati Paran/Gadyen: _____

Dat (mwa/jou/ane): _____

